	Семейство пресноводных брюхоногих моллюсков.	Æдзæхдætты цæрæг гуыбынылкъах моллюскты мыггаг.	Æдзæнхдони цæрæг, губунбæлкъах моллюскити муггагæй.	The family of fresh-water Gastropod mollusks.


131



128



132


130


129

128	**Кедровка**	**Сыбираг халон**	**Сибийраг халон**	**Spotted Nutcracker**
	Лесная птица семейства врановых.	Хъæддаг цъиу халæтты мыггагæй.	Гъæддаг цъеу халæнтти муггагæй.	A forest bird of the family of Ravens.
129	**Кенгуру**	**Кенгуру**	**Кенгуру**	**Kangaroo**
	Австралийское сумчатое млекопитающее с удлинёнными задними ногами.	Австралиаг дзæкъулджын æхсырæйхæсгæ цæрæгой, йæ фæстаг къæхтæ сты даргъ.	Австралиаг æхсирæйхæсгæ дзæкъолгин цæрæгой, æ фæстаг къæхтæ хъæбæр даргъ æнцæ.	An Australian marsupial mammal with long hind legs.
130	**Кит**	**Гайа, кит**	**Гайа, кит**	**Whale**
	Крупное морское млекопитающее с рыбообразным телом.	Денджызон æхсырæйхæсгæ егъау цæрæгой. Йæ буар у кæсагæнгæс.	Кæсалгæнгæс денгизон агъазиау æхсирæйхæсгæ цæрæгой.	A large sea mammal with a fish-like body.
131	**Клест**	**Æхсынæг цъиу**	**Дзиуаркъæбот**	**Crossbill**
	Небольшая лесная птица с перекрещивающимися концами клюва.	Дзуарæвæрд къæдзбырынкъ чысыл хъæддаг цъиу.	Минкъий гъæддаг цъеу, æ къæботти кæрæнттæ – дзиуарæвæрд.	A small forest bird with mandibles crossing at their tips.
132	**Клещ**	**Гæбы**	**Гæбу**	**Acarid**
	Мелкое членистоногое животное из отряда паукообразных.	Лыстæг уæнгкъах цæрæгой хæлуарæгхуызты къордæй.	Листæг иуонгкъах цæрæгой хæлаурти муггаги къуарæй.	A small arthropod animal of the arachnid group.


133


137


134


136


135

133	**Клоп**	**Хъæдысыст**	**Гъæдисистæ**	**Bug**
	Насекомое с колючим хоботком, питающееся кровью людей, животных или соком растений.	Цыргъбырынкъ уырынгон, адæм æмæ цæрæгойты тугæй кæнæ зайæгойты донæй цæрæг.	Туасфий хъæбуза, адæм æма цæрæгойти тогæй кенæ зайæгойти донæй цæрæг.	An insect with a prickly proboscis, feeding on the blood of people, animals or juice of plants.
134	**Клоп-солдатик**	**Хъæдысыст-салдат**	**Гъæдисистæ-салдат**	**Bug tell-tale**
	Обыкновенный наземный клоп. Окраска чёрная, с красным рисунком.	Зæххы уæлцъар цæрæг хуымæтæджы хъæдысыст. Йæ хуыз – сау, сырх ахуырст нывтимæ.	Хуматæг зæнхон гъæдисистæ. Æ хузæ – сау, сурх хурстити хæццæ.	A simple ground-based bug. The colouring is black with red patterns.
135	**Клушица**	**Клушицæ**	**Клушицæ**	**Chough**
	Вид птиц. Оперение чёрное, клюв длинный, лапки красного цвета.	Сау сисвæлыст маргъ, йæ бырынкъ – даргъ, къæхтæ – сырх.	Сæнт-сау пакъу маргъ. Æ къæбот даргъ, къæхтæ ба – сурх.	A species of birds. The feathering of these birds is black. It has a long beak and red claws.
136	**Кобра**	**Кобрæ**	**Кобрæ**	**Cobra**
	Ядовитая змея жарких стран, с пятнами позади головы, очковая змея.	Тæвд бæстæты цæрæг маргджын калм. Йæ сæрыл фæстæрдыгæй – тæппытæ.	Тæвдæ бæстити цæрæг цъæрнатæ мæкъур марггун хелагæ.	A poisonous snake of tropical countries, with spots behind its head.
137	**Кобчик**	**Кобчик**	**Кобчик**	**Red-footed falcon**
	Вид хищных птиц рода соколов. Питается крупными насекомыми, изредка ловит мелких грызунов, ящериц.	Тугдзых мæргъты хуыз уариты мыггагæй. Хæры ставд уырынгонтæ, стæмдæр хатт ахсы лыстæг æхсынджытæ, гæккуыритæ.	Тогцъух мæргъти хузæ уарийти муггагæй. Хуæруй биндзитæ æма хъæбузатæ, ефстагмæ ба ма ахæссуй минкъий æхсинæг цæрæгойтæ æма æнкъуæлхитæ.	A sort of predatory birds of the Falcon family. It eats large insects, sometimes catches small rodents, lizards.


140


141


143


139


142


138

138	**Кобыла**	**Ефс**	**Æфсæ**	**Mare**
	Самка лошади.	Нæл бæхæн йæ сыл æмкъай.	Нæл бæхæн æ силæ æнкъай.	The female of the horse.
139	**Коза**	**Сæгъ**	**Сæгъæ**	**Goat**
	Рогатое жвачное животное с длинной прямой шерстью.	Сыкъаджын сынæрдзæгъдæг цæрæгой, йæ хъуын у даргъ æмæ раст.	Сиугун синæр цæгъдагæ цæрæгой, æ гъун æй даргъ æма раст.	A horned ruminant animal with long straight fur.
140	**Козлёнок**	**Сæныкк**	**Дæркъæ**	**Kid, Goatling**
	Детёныш козы.	Сæгъы лæппын.	Сæгъи бæдолæ.	A baby-goat.
141	**Козодой**	**Сæгъдуц**	**Сæгъдоцæг**	**Nightjar, Caprimulgus**
	Ночная птица с широкой плоской головой.	Фæтæн тъæпæнсæр æхсæвон цъиу.	Æхсæйвон цъеу фæтæн тъæпæн сæри хæццæ.	A night bird with a wide flat head.
142	**Колибри**	**Колибри**	**Колибри**	**Humming-bird**
	Маленькая длиннокрылая птичка с пёстрыми перьями.	Гыццыл даргъбазыр хъулонсис цъиу.	Гъолон пакъу æма даргъбазур минкъий цъеу.	A small long-winged birdie with motley feathers.
143	**Комар**	**Къогъо**	**Саскъæ**	**Mosquito**
	Мелкое двукрылое насекомое с остро жалящим хоботком.	Лыстæг дыууæбазырон уырынгон хæцаг бындз фатбырынкъимæ.	Хуæцагæ, дууæбазургин туасæфий листæг биндзæ.	A small two-winged insect with sharp stinging proboscis.


147


144


146



145

144	**Конёк**	**Конёк**	**Конёк**	**Pipit**
	Птица семейства трясогузковых величиной с воробья. Спинная сторона серая, брюшная – светлая. Перелётная птица.	Маргъ урс дзывылдарты мыггагæй, у сырддонцъиуы йас. Йе рагъ – фæныкхуыз, йæ гуыбын – ирд. У фæлтæхæг маргъ.	Цъеу дзубулдарти муггагæй. Æхсæрæцъеуи асæ'й. Æ рагъ фунукхуз, æ губун ба – фæлорс. Æй гоцгæнагæ маргъ.	A bird of the Wagtail family. It is the size of the sparrow. The back of the bird is grey, the belly is light. It is a bird of passage.
145	**Корова**	**Хъуг**	**Гъог**	**Cow**
	Самка крупных жвачных парнокопытных животных семейства полорогих (быков).	Стыр сынæрдзæгъдæг саджилсæфтæг мадæл (сыл) цæрæгой тутсыкъаджынты (галты) мыггагæй.	Устур синæрдзæгъдæг æнкъайсæфтæг цæрæгой, ревæдсиуонти муггагæй.	The female of large ruminant artiodactyl animals of the family of Hollow-horned ruminants.
146	**Короед**	**Цъархор**	**Цъархуар**	**Bark beetle**
	Мелкий жук, грызущий кору и древесину, вредитель лесов.	Бæлæстæн сæ цъар æмæ хъæдæрмæг æхсынæг чысыл хъæндил, хъæдтæн зианхссæг.	Гъæдтæн зæранхæссæг минкъий хъæндел. Бæласæн æ цъарæ æма гъæдæрмæг æхсинуй.	A bug, gnawing bark and wood, a wrecker of woods.
147	**Королёк**	**Нæзыйы цъиу**	**Нæзий цъеу**	**Kinglet**
	Небольшая певчая лесная птица отряда воробьиных с яркой окраской темени.	Гыццыл зараг хъæддаг цъиу сырддонцъиуты къордæй, йæ сæры къоппа – ирд ахуырст.	Минкъийгомау гъæддаг зарагæ цъеу æхсæрæцъеути муггагæй, æ сæри къоппа – гъолæнттæ.	A small forest song-bird of the sparrows group with bright colouring of the head.


150


148


151


149


152

148	**Коростель**	**Цъæх мæга**	**Цъæх мæга**	**Corn crake**
	Быстро бегающая птица с сильно сжатым с боков телом, живущая в траве.	Тагъд згъорag тъæпæнфарс маргъ, цæры кæрдæджы.	Æлваст астæу тагъдледзагæ цъеу, цæруй кæрдæги.	A fast running bird with a narrow body, lives in grass.
149	**Корсак**	**Корсак**	**Корсак**	**Steppe fox, Corsac fox**
	Млекопитающее рода лисиц.	Æхсырæйхæсгæ цæрæгой рувæсты мыггагæй.	Æхсирæйхæсгæ цæрæгой, робæсти муггагæй.	A mammal of the family of Foxes.
150	**Коршун**	**Хъæрццыгъа**	**Хъæрццигъа**	**Kite**
	Крупная хищная птица семейства ястребиных. Истребляет грызунов.	Егъау тугдзых маргъ хъæрццыгъаты мыггагæй. Цæгъды лыстæг æхсынджыты.	Устур тогцъух маргъ, хъæрццигъати муггагæй. Цæгъдуй минкъий æхсинæг цæрæгойти.	A large predatory bird of the family of Hawks. Exterminates rodents.
151	**Косуля**	**Сæгуыт**	**Рæубес**	**Roe deer**
	Парнокопытное животное, вид оленя.	Саджилсæфтæг цæрæгой, саджы хуыз.	Æнкъайсæфтæг сагæнгæс цæрæгой, саги хузæ.	Artiodactyl animal, a kind of deer.
152	**Кот**	**Гæды**	**Тикис**	**Cat**
	Самец кошки; хищное млекопитающее семейства кошачьих. Домашний вид такого животного.	Нæл гæды; тугдзых æхсырæйхæсгæ хæдзарон цæрæгой гæдыты мыггагæй.	Нæл тикис, тогцъух æхсирæйхæсгæ хæдзайрон цæрæгой, тикисти муггагæй.	A male cat. A predatory mammal of the family of Cats. The domestic kind of such animals.


156


157


155


153


154

153	**Котик**	**Котик**	**Котик**	**Fur seal**
	Морское ластоногое млекопитающее семейства ушастых тюленей с ценным мехом.	Денджызон тъæпæнкъах æхсырæйхæсгæ зынаргъдзарм цæрæгой хъусджын тюленты мыггагæй.	Æхсирæйхæсгæ тъæпæнкъах денгизон цæрæгой, гъосгун тюленти муггагæй. Æ цар хъазар æй.	Sea pinniped mammal of the family of Eared seals with valuable fur.
154	**Краб**	**Краб**	**Краб**	**Crab**
	Десятиногое ракообразное животное.	Мыдзбырхуыз дæскъахыг цæрæгой.	Мудзбурхуз дæскъахуг цæрæгой.	A ten-legged Crustacean.
155	**Крапивница**	**Пысырайы гæлæбу**	**Хæмпæли гæбæло**	**Small Tortoiseshell**
	Род бабочек с чёрной каймой и голубыми пятнами на зубчатых крыльях.	Гæлæбуты мыггаг, йæ къахыртæ базырты кæрæттыл – саухахх æмæ æрвхуыз тæппытæ.	Циргъ кæрæнттæ æма æрвхуз цъæрнатæ базур гæбæлоти муггаг.	A sort of butterflies with black edgings and blue spots on gear wings.
156	**Краснобрюхая горихвостка**	**Сырхгуыбын горихвосткæ**	**Сурхгубун горихвосткæ**	**Giildenstadt's redstart**
	Птица семейства дроздовых. Самая крупная из представителей рода горихвосток.	Цъиу нæмыгхорты мыггагæй. Ацы мæргъты къорды æппæты стырдæр хуыз.	Сауцъеути муггагæй цъеу. Аци ахилæн сæ тæгкæ устурдæр æй.	A bird of the Thrush family. The largest of the redstarts.
157	**Красотел пахучий**	**Тæфгæнаг хъæндил**	**Æсмаггæнагæ хъæбуза**	**Forest caterpillar hunter Calosoma sycophanta**
	Крупный жук из семейства жужелиц. Отличается красивыми золотисто-сине-зелёными надкрыльями и резким запахом, который жук издаёт в случае опасности.	Стыр хъæндил хуры хъæндилты мыггагæй. Иннæтæй хицæн кæны йæ сызгъæринхуыз-цъæх уæлбазыртæй æмæ, тæссаг уавæры карз тæф кæй рауадзы, уымæй.	Хуари хъæбузати муггагæй устур хъæбуза. Иннетæй хецæн кæнуй æ сугъзæрийнæхуз цъæх уæлбазуртæ æма, тæссаг уавæри бахаугæй, карз æсмаг рауадзунæй.	A large beetle of the round beetle family. Its wings are golden, blue and green. When the beetle feels danger it produces a poignant smell.


158


162


161


163


160


159

158	**Креветки**	**Креветкæтæ**	**Креветкитæ**	**Shrimp**
	Мелкие ракообразные морские животные.	Мыдзбырхæфсæнгæс лыстæг денджызон цæрæгойтæ.	Минкъий мудзбур хæпсæхуз денгизон цæрæгойтæ.	A fine shellfish.
159	**Кречет**	**Лацин**	**Лацин**	**Merlin Arctic falcon**
	Хищная птица семейства соколиных.	Тугдзых маргъ уариты мыггагæй.	Тогцъух маргъ уарийти мыггагæй.	A predatory bird of the family of Falcons.
160	**Крокодил**	**Кæфхъуындар**	**Кæфхъундар**	**Crocodile**
	Крупное водное пресмыкающееся тёплых стран.	Хъарм бæстæты доныцæрæг стыр хилæг цæрæгой.	Гъар бæститти доницæрæг устур хелæг цæрæгой.	A large water reptile living in warm countries.
161	**Кролик**	**Хæдзарон тæрхъус**	**Хæдзайрон тæрхъос**	**Rabbit**
	Сходное с зайцем животное, грызун.	Тæрхъусæнгæс цæрæгой, æхсынæг.	Тæрхъосæнгæс цæрæгой, æхсинæг.	An animal similar to the hare, a rodent.
162	**Крот**	**Куырм уыры**	**Хъæрæу гæлæу (ypу)**	**Mole**
	Небольшое насекомоядное млекопитающее, живущее под землёй.	Саскхор чысыл æхсырæйхæсгæ цæрæгой, цæры зæххы бын.	Зæнхи буни цæрæг минкъий æхсирæйхæсгæ хъæбузахуар цæрæгой.	A small insectivorous underground animal.
163	**Крылан**	**Крылан**	**Крылан**	**Fruit-bat**
	Млекопитающее, родственное летучей мыши.	Хæлынбыттырмæ хæстæг æхсырæйхæсгæ цæрæгой.	Æхсирæйхæсгæ, хæлинбиттирмæ хæстæг, цæрæгой.	A mammal, related to the bat.


165


166


169


168


164


167


164	**Крыса**	**Уыры**	**Гæлæу, уру**	**Rat**
	Вредный грызун семейства мышей.	Зианхæссæг æхсынæг мысты-ты мыггагæй.	Зæранхæссæг æхсинæг мис-тити муггагæй.	A harmful rodent of the family of Mice.
165	**Кряква**	**Хъæддаг бабыз**	**Гъæддаг бабуз**	**Mallard Quack**
	Дикая утка.	Хъæддаг бабыз.	Гъæддаг маргъ бабузти муг-гагæй.	A wild duck.
166	**Кузнечик**	**Цъырцъыраг**	**Цъæрæхснæг**	**Grasshopper**
	Прыгающее насекомое отря-да прямокрылых, издающее стрекочущие звуки.	Гæппытæгæнаг æмæ цъыр-цъыргæнаг уырынгон растба-зырджынты къордæй.	Æмрастбазургинти къуарæй цъир-цъиргæнагæ æма гæп-питæгæнагæ урунгон.	A jumping insect of the group of orthopterous insects, issues chirring sounds.
167	**Кукушка**	**Гакк-гукк**	**Гæггог**	**Cuckoo**
	Лесная перелетная птица, обычно не вьющая гнёзд и кладущая яйца в чужие гнёз-да.	Хъæддаг фæлтæхæг маргъ. Ах-стон нæ кæны, æйчытæ æфтауы искæй ахстоны.	Гоцгæнагæ гъæддаг маргъ. Астъонæ нæ кæнуй, æйкитæ ба еске астъони фефтауй.	A forest bird of passage, which usually does not twist jacks and puts eggs in other birds' jacks.
168	**Кулан**	**Кулан**	**Кулан**	**Onager, Asiatic wild ass**
	Дикое животное семейства лошадиных, родственное ослу.	Хæрджытæм хæстæг хъæддаг цæрæгой бæхты мыггагæй.	Хæргутæмæ хæстæг гъæддаг цæрæгой бæхти муггагæй.	A wild animal of the Horses family, related to the donkey.
169	**Кулик**	**Доны ацц**	**Дони уæрццæ**	**Sandspiper**
	Небольшая болотная птица с длинными ногами.	Цъымарайы цæрæг гыццыл даргъкъах цъиу.	Цъимарай цæрæг минкъий даргъзæнгæ цъеу.	A small marsh bird with long legs.


172


170


174


171


173

170	**Куница**	**Сæлавыр**	**Сæлаур**	**Marten**
	Небольшое хищное животное семейства куньих.	Чысыл тугдзых цæрæгой сæлавырты мыггагæй.	Минкъий тогцъух цæрæгой сæлаурти муггагæй.	A small predatory animal of the family of Martens.
171	**Курица**	**Карк**	**Карк**	**Hen**
	Одомашненный вид птиц отряда куриных, с кожным выростом на голове и под клювом.	Хæдзарон мæргъты хуыз кæрчыты къордæй. Йæ сæры къоппа æмæ йæ бырынчъы бын – зыкъуырдзарм.	Хæдзайрон маргъ кæркити муггагæй. Æ сæрбæл – сурх гопп, æ къæботти буни ба – игон цари сурх зæбæлттæ.	A cultivated kind of birds of the group of hens, with skin crests on the head and under the beak.
172	**Куропатка**	**Хуыргарк**	**Хургарк**	**Partridge**
	Дикая птица из семейства куриных	Хъæддаг маргъ кæрчыты мыггагæй.	Гъæддаг маргъ кæркити муггагæй.	A wild bird of the Gallinaceous family of.
173	**Лама**	**Ламæ**	**Ламæ**	**Lama**
	Южноамериканское вьючное животное семейства верблюдовых с ценной шерстью.	Хуссарамерикаг уæргътæхæссæг цæрæгой теуаты мыггагæй, йæ хъуын у зынаргъ.	Хонсарамерикаг уæргътæ хæссæг цæрæгой, теуати муггагæй. Æ гъун (сæхъун) хъазар æй.	A South –American pack animal of the family of Camels with valuable wool.
174	**Лань**	**Хъуаз**	**Хъуаз**	**Doe, Fallow deer**
	Животное семейства оленей, отличающееся быстротой бега и стройностью.	Хæрзуынд тагъдызгъораг цæрæгой сагты мыггагæй.	Хуæрзконд æма тагъдледзагæ цæрæгой сæгти муггагæй.	An animal of the family of deer, distinguished by the speed of run and harmony.


177


176


178


175

175	**Ласка**	**Мыстулæг**	**Æрвгæ**	**Weasel**
	Небольшой хищный зверёк с ценным светло-коричневым пушистым мехом.	Чысыл тугдзых сырд. Йæ ирдморæ хъуындзарм у зынаргъ.	Минкъий тогцъух сирд, æ цар æй хæмпос, фæлорс – морахуз æма хъазар.	A small predatory animal with valuable light-brown fluffy fur.
176	**Ласточка**	**Зæрватыкк**	**Зæрбатуг**	**Swallow**
	Маленькая, быстро летающая птица отряда воробьиных с длинными острыми крыльями.	Чысыл, тагъдтæхаг маргъ сырддонцъиуты мыггагæй, ис ын даргъ цыргъ базыртæ.	Даргъ æма циргъбазур, тагъд тæхагæ минкъий маргъ æхсæрæцъеути муггагæй.	A small, fast flying bird of the family of Passerine with long sharp wings.
177	**Лебедь**	**Доныхъаз**	**Донихъаз**	Swan
	Большая водоплавающая птица семейства утиных с длинной, красивой изогнутой шеей.	Доныленкгæнæг стыр маргъ бабызты мыггагæй. Ис ын даргъ, рæсугъд къæлæс къубал.	Донинакæгæнæг устур маргъ бабузти муггагæй. Ес ин рæсугъд, къæлос таст даргъ къобалæ.	A big waterfowling bird of the family of Ducks with a long beautifully bent neck.
178	**Лев**	**Домбай**	**Домбай**	**Lion**
	Крупное хищное животное семейства кошачьих с короткой желтоватой шерстью и длинной гривой у самцов.	Стыр тугдзых цæрæгой гæдыты мыггагæй.Ис ын цыбыр бурбын хъуын. Нæлтæн сæ бæрзæйыл – даргъхъуын барц.	Устур тогцъух цæрæгой тикисти муггагæй. Æ цар æй цубургъун, æ хузæ ба – бор. Нæлти бæрзæйтæбæл барцитæ фæууй.	A large predatory animal of the family of Cats covered with short yellowish wool. It's male has a long mane.


182


183


181


180



179

179	**Лемминг**	**Лемминг**	**Лемминг**	**Lemming**
	Относится к семейству грызунов. У всех леммингов плотное телосложение, короткие ноги и хвост, маленькие, скрытые в меху уши. Окраска серо-коричневая или пёстрая.	Цæрæгой æхсынджыты мыггагæй. Йæ гуыры конд у æлвæст, ис ын цыбыр къæхтæ æмæ къæдзил, хъуынты бын æмбæхст гыццыл хъустæ. Йæ хуыз – фæныкхуыз-морæ кæнæ гæрæм.	Æхсингути муггагæй цæрæгой. Æ гурисконд æй æлвæст, ес ибæл къæдзелæ, цубур къæхтæ æма гъунти римæхст минкъий гъостæ, æ хузæ ба мора – фунукхуз кенæ гъолон.	A species of the rodent family. It has a thickset body, short legs and tail, small ears hidden in the fur. The colouring is brownish grey or variegated.
180	**Леопард**	**Леопард**	**Леопард**	**Leopard**
	Крупное хищное животное семейства кошачьих с пятнистой шерстью.	Стыр тугдзых цæрæгой гæдыты мыггагæй, йæ царм – хъулæттæ.	Устур тогцъух цæрæгой тикисти муггагæй. Æ цар æй талгъæр.	A large predatory animal of the family of Cats with spotty wool.
181	**Летучая мышь**	**Хæлынбыттыр**	**Хæлинбиттир (биттир)**	**Bat**
	Рукокрылое животное, способное к полету.	Тæхынхъом къухбазыр цæрæгой.	Тæхунгъон къохбазуртæ цæрæгой.	Cheiroptera capable of flying.
182	**Лиса**	**Рувас**	**Робас**	**Fox**
	Хищное млекопитающее семейства псовых с длинным пушистым хвостом.	Тугдзых æхсырæйхæсгæ цæрæгой куыйты мыггагæй, ис ын даргъ фæлмæн хъуынджын къæдзил.	Æхсирæйхæсгæ, тогцъух сирд куйти муггагæй. Ес ибæл даргъ хæмпос гъунгун къæдзелæ.	A predatory mammal of the family of Dogs with a long fluffy tail.
183	**Лосось**	**Æргъай**	**Лæсæг**	**Salmon**
	Крупная рыба с нежным мясом розового цвета.	Стыр кæсаг. Йæ фыд у сырхбын хуыз æмæ фæлмæн.	Устур кæсалги муггаг. Æ фид æй рохснæгхуз æма фæлмæн.	Large fish with gentle meat of pink color.

11 Заказ №


187


186


185


188


184

184	**Лось**	**Цæгатаг саг**	**Цæгаттаг саг**	**Elk**
	Крупное парнокопытное животное семейства оленей с широкими ветвистыми рогами.	Стыр саджилсæфтæг цæрæгой сагты мыггагæй, ис ын фæтæн къабазджын сыкъатæ.	Устур дууæсæфтæгон цæрæгой, сæгти муггагæй. Æ сиутæ æнцæ фæтæн æма къабазгун.	A large artiodactyl animal of the family of Deer with wide branchy horns.
185	**Лошадь**	**Бæх**	**Бæх**	**Horse**
	Крупное непарнокопытное животное семейства лошадиных.	Стыр иусæфтæгон цæрæгой бæхты мыггагæй.	Еусæфтæггин устур цæрæгой бæхти муггагæй.	A large non-artiodactyl animal of the family of Horses.
186	**Луговой чекан**	**Уыгæрдæны чыкгæнæг**	**Игуæрдæни цигкæнæг**	**Pied Bushchat**
	Певчая птица. Окрас верха бурый, с чёрными пестринами, брюхо белёсое, горло и грудка окрашены в оранжево-жёлтый цвет.	Зараг цъиу. Йе рагъыл – морæ сау тæппытæ, йæ гуыбын – урсбын. Йæ хъуыр æмæ риу – бурбын-сырх.	Зарагæ цъеу. Æ рагъ мора сау цъæрнати хæццæ, æ губун – уорс. Æ хъур æма реу ба – борбун сурх.	A song-bird. The colouring is brownish with black spots, the belly is whitish, neck and breast are orange-yellow.
187	**Лунь**	**Лунь**	**Лунь**	**Harrier**
	Хищная птица семейства ястребиных с серовато-белым оперением.	Тугдзых маргъ хъæрццыгъаты мыггагæй, йæ сисвæлыст – цъæхбын-урс.	Тогцъух маргъ цъеусорти муггагæй. Нæлæн æ пакъуй хузæ фæуүй фæлорс – фунукхуз.	A predatory bird of the family of Hawks. Its male has greyish-white plumage.
188	**Львица**	**Сыл домбай**	**Силæ домбай**	**Lioness**
	Самка льва.	Нæл домбайæн йæ сыл æмкъай.	Нæл домбаййæн æ силæ æнкъай.	The female of the lion.


189


192


190


191

189	**Лягушка**	**Хæфс**	**Хæпсæ**	**Frog**
	Бесхвостое земноводное с длинными задними ногами.	Зæххыл æмæ доны цæрæг æнæкъæдзил цæрæгой. Йæ фæстаг къæхтæ – даргъ.	Дони æма зæнхæбæл цæрæг æнæкъæдзелæ цæрæгой. Æ фæстаг къæхтæ даргъ æнцæ.	A tailless amphibian with long hind legs adapted for jumping.
190	**Макропод**	**Макропод**	**Макропод**	**Paradise fish**
	Относятся к распространённым аквариумным рыбкам. Имеют дополнительный дыхательный орган – лабиринт.	Хауы арæх æмбæлаг аквариумон кæсæгтæм. Ис ын уæлæмхасæн улæфæн оргæн – лабиринт.	Хауй арæх æмбæлагæ аквариумон минкъий кæсæлгитæмæ. Уæлæнхасæн ин ес уолæфæн оргæн – лабиринт.	An aquarium fish that has an additional respiratory system – labyrinth.
191	**Мамонт**	**Мамонт**	**Мамонт**	**Mammoth**
	Ископаемое млекопитающее семейства слонов с длинной шерстью и большими загнутыми бивнями.	Рагзаманты цæрæг егъау æхсырæйхæсгæ цæрæгой пылты мыггагæй. Уыдис ыл даргъ хъуын æмæ хæрдмæкъæдз стыр цæвæн ссыртæ.	Рагон дзаманти цæрæг æхсирæйхæсгæ агъазиау цæрæгой пилти муггагæй. Адтæй ибæл даргъ гъунтæ æма хæрдмæ къæдзæ устур æнсурсиутæ.	A fossilized mammal of the family of Elephants with long wool and big bent tusks.
192	**Махаон**	**Махаон**	**Махаон**	**Swallowtail**
	Крупная дневная бабочка яркой пёстрой окраски с отростками на концах задних крыльев.	Боныгон тæхæг хъулон ирд стыр гæлæбу, йæ базырты кæрæттыл – къабæзтæ.	Бонигон тæхæг гъолон ирд устур гæбæло, æ базурти кæрæнттæбæл ба – къабæзтæ.	A large day butterfly of bright, variegated colour with «tails» on the end of hind wings.


195


193


196


194

193	**Медведка**	**Хъугдæй**	**Дзæхæрахуар**	**Mole-cricket**
	Насекомое семейства сверчковых – вредитель полевых и овощных культур.	Уырынгон цъысцъысæгты мыггагæй, быдырон æмæ халсарон культурæтæн – зианхæссæг.	Будуртæ æма халсартæн зæранхæссæг, цъæрцъæрагити муггагæй хъæбуза.	An insect of the family of crickets. A pest of field and vegetable cultures.
194	**Медведь**	**Арс**	**Арс**	**Bear**
	Крупное хищное млекопитающее с длинной шерстью и толстыми ногами.	Егъау тугдзых æхсырæйхæсгæ цæрæгой. Ис ын даргъ хъуын æмæ ставд къæхтæ.	Даргъгъун æма æставдкъах æхсирæйхæсгæ устур тогцъух сирд.	A large predatory mammal with long wool and thick legs.
195	**Медуза**	**Медузæ**	**Медузæ**	**Jellyfish**
	Беспозвоночное морское животное с прозрачным студенистым телом, по краям снабжённым щупальцами.	Æнæрагъыстæг денджызон цæрæгой, йæ рухсдзыд лæулæугæнаг буары кæрæттыл ис уырзæджытæ.	Æнæастæуистæг, сатæг æма рохсдзуд бауæр денгизон цæрæгой. Æ баластхуз бауæрбæл ес урзацаугæнæн кæрæнттæ.	A spineless animal with a transparent jellylike body. The edges of its body are supplied with tentacles.
196	**Меченосец**	**Меченосец**	**Меченосец**	**Platyfish, swordtail**
	Живородящая рыба. Меченосцы – популярные аквариумные рыбы. У самца – длинный хвост в форме меча.	Лæппынтæ арæг кæсаг, сты аквариумон кæсæгтæ. Нæлæн йæ къæдзил у даргъ, æхсаргарды хуызæн.	Бæдолзайæгой аквариумон кæсалгæ. Нæлæн æ кæдзелæ æй даргъ, æхсаргарди хузæн.	A popular viviparous, aquarium fish. The male has a long swordlike tail.


197


199


200



198

197	**Многоножка**	**Бирæкъахыг**	**Берæкъахуг**	**Centipede**
	Животное с червеобразным телом и большим количеством ножек.	Уаллонхуыз буар кæмæн ис, ахæм бирæкъахджын цæрæгой.	Минкъий золкъæнгæс цæрæгой берæ къæхти хæццæ.	An animal with a worm-like body and plenty of legs.
198	**Мокрица**	**Хъусхилæг**	**Гъосхелагæ**	**Wood louse**
	Живущее в сырых местах мелкое ракообразное животное с большим количеством ножек.	Уымæл рæтты цæрæг лыстæг мыдзбырхуыз бирæкъахджын цæрæгой.	Уомæл рауæнти цæрæг мудзбурæнгæс цæрæгой берæ къæхти хæццæ.	A small crustacean animal with plenty of legs. It lives in damp places.
199	**Моль**	**Рæмпæг**	**Румпæг**	**Moth**
	Маленькая бабочка, гусеница которой является вредителем меха, шерсти, хлебных зёрен, растений.	Чысыл гæлæбу, йæ æлыз зиан хæссы хъуындзарм, тæбын, хор æмæ зайæгойтæн.	Минкъий гæбæло, æ синтъи ба зæран хæссуй фанс, цар, хуар æма зайæгойтæн.	A small butterfly, the caterpillar of which is a pest of fur, wool, grains, plants.
200	**Морж**	**Морж**	**Морж**	**Walrus**
	Крупное ластоногое морское северное млекопитающее с длинными клыками и усатой мордой.	Цæгатаг егъау хæлынкъах денджызон æхсырæйхæсгæ цæрæгой. Ис ын даргъ сыртæ æмæ рихиджын бырынкъ.	Устур цæгаттаг æхсирæйхæсгæ денгизон цæрæгой. Ес ибæл æнсурсиутæ, накæгæнæн къæхтæ æма гъесин бецъотæ.	Large Pinniped mammal with long fangs and a whiskered muzzle.


201


203


204



202

201	**Морская свинка**	**Денджызон хъыбыл**	**Денгизи хъибил**	**Guinea-pig**
	Млекопитающее из отряда грызунов. Один из немногих видов мелких млекопитающих, которая пригодна для содержания в городской квартире.	Æхсырæйхæсгæ цæрæгой æхсынджыты къордæй. Горæтаг фатеры дарæн кæмæн ис, лыстæг æхсырæйхæсгæ æхсынджыты ахæм хуыз.	Æхсирæйхæсгæ цæрæгой æхсингути къуарæй. Минкъий æхсирæйхæсгæ æхсингутæй анæй уæлдай неке бæззуй горæтаг фатери дарунмæ.	A mammal of the Rodent family; one of the few small size mammals' species suitable for keeping in the flat.
202	**Морские гребешки**	**Денджызон сæрвасæнтæ**	**Денгизи «сæрвасæнтæ»**	**(Sea) scallops**
	Семейство морских двустворчатых моллюсков. Гребешки обитают во всех океанах.	Дыууæфарсон денджызон моллюскты мыггаг. Сты æппæт океанты дæр.	Дууæфарсон денгизон моллюскити муггаг. Еугур океанти дæр æнцæ.	A family of sea, bivalve mollusks. The scallops inhabit all the oceans.
203	**Морские звёзды**	**Денджызон стъалытæ**	**Денгизи стъалутæ**	**Starfish**
	Класс беспозвоночных животных типа иглокожих. Тело ярко окрашено в форме звезды или пятиугольника.	Æнæрагъыстæг цæрæгой, судзинбуарæнгæсты къордæй. Йæ фондзкъуымон кæнæ стъалынгæс буар у ирд ахуырст.	Æнæастæуистæг цæрæгой, содзинбауæрæнгæсти къуарæй. Æ фондзкъумон æстъалухуз бауæр æй ирд хуарæнтæй федауцæ рæсугъд.	A class of spineless Echinodermata animals. Its brightly coloured body is shaped like a star or a pentagon.
204	**Морские коньки**	**Денджызон бæхтæ**	**Денгизон бæхтæ**	**Sea-horse**
	Группа родов рыб семейства игловых. Тело напоминает фигуру шахматного коня с наклоненной к туловищу головой и сворачивающимся хвостовым отделом.	Кæсæгты къорд судзинджынты мыггагæй. Йæ буар у шахмæтты бæхы хуызæн – гуыбырсæр æмæ хæрдмæ здыхт къæдзилимæ.	Шахмætти бæхи æнгæс æздухт къæдзелæ кæсалгæ содзингун кæсæлгити муггаги къуарæй.	A fish-group of the family of Echinodermata. Its body reminds of the figure of a chess horse with the head inclined to the body and a folding tail.


209


205


208


206


207

205	**Мул**	**Хæргæфс**	**Хъадир**	**Mule**
	Домашнее животное, помесь осла и кобылы.	Хæрæг æмæ ефсбæхæй равзæргæ хæдзарон цæрæгой.	Хæрæг æма бæхæй рантæсæг хæдзайрон цæрæгой.	A hybrid of a donkey and a mare.
206	**Муравей**	**Мæлдзыг**	**Мулдзуг**	**Ant**
	Жалящее перепончатокрылое насекомое, живущее большими сообществами.	Бирæгæйттæй цæрæг хæцаг хæлынбазыр уырынгон.	Берæгæйттæй цæраг хуæцагæ цъаругбазурон хелæгой.	A stinging hymenopterous insect, living in big communities
207	**Муравьед**	**Мæлдзыгхор**	**Мулдзугхуар**	**Anteater**
	Беззубое млекопитающее, питающееся, главным образом, муравьями и термитами.	Æнæдæндаг æхсырæйхæсгæ цæрæгой, хæры мæлдзыджытæ æмæ уырынгонтæ.	Æхсирæйхæсгæ, æнæдæндаг цæрæгой. Хуæргæ ба кæнуй мулдзугутæ æма листæг хелгутæ.	A toothless mammal inhabiting tropical America, feeding mainly on ants and termites.
208	**Муха**	**Бындз**	**Биндзæ**	**Fly**
	Общее название широко распространенных двукрылых насекомых.	Арæхæмбæлгæ дыууæбазырон уырынгонты иумæйаг ном.	Ахид æмбæлагæ, дууæбазурон листæг тæхагæ цæрæгойти еумæйаг ном.	A common name for widespread Diptera.
209	**Мухоловка**	**Бындзмар**	**Биндзхуар**	**Fly-catcher**
	Небольшая птица отряда воробьиных.	Чысыл цъиу сырддонцъиуты мыггагæй.	Минкъий цъеу æхсæрæцъеуты муггагæй.	A small passerprine bird.


214


210


213


211


212

210	**Мышь**	**Мыст**	**Мистæ**	**Mouse**
	Небольшой грызун с острой мордочкой, усиками и длинным хвостом.	Цыргъбырынкъ, рихиджын æмæ даргъкъæдзил чысыл æхсынæг.	Циргъ биринкъæ, бецъогин æма даргъ къæдзелæ минкъий æхсинæг.	A small rodent with a sharp muzzle, short whiskers and long tail.
211	**Норка**	**Норкæ**	**Норкæ**	**Mink**
	Хищный пушной зверёк семейства куньих с густой блестящей шерстью.	Тугдзых тинсырд сæлавырты мыггагæй, йæ хъуын – бæзджын æмæ æрттиваг.	Тогцъух минкъий сирд сæлаурти муггагæй. Ес ибæл æрттевагæ бæзгин гъун.	A predatory fur-bearing animal of the family of Martens with rich gleaming wool.
212	**Носорог**	**Сыкъафындз**	**Сиукъафий**	**Rhinoceros**
	Крупное непарнокопытное млекопитающее южных стран с одним или двумя рогами на передней части морды.	Хуссайраг бæстæты цæрæг стыр æнæмкъайсæфтæг æхсырæйхæсгæ цæрæгой, йæ бырынкъыл разæй – иу кæнæ дыууæ сыкъайы.	Устур æнæнкъайсæфтæгон æхсирæйхæсгæ цæрæгой. Цæруй хонсайраг гъар бæстити, æ фиййи рагъбæл ба фæууй еу кенæ дууæ сиуи.	A large non-artiodactyl mammal of the southern countries with one or two horns on the front part of its muzzle.
213	**Обезьяна**	**Маймули**	**Маймули**	**Monkey**
	Млекопитающее отряда приматов.	Æхсырæйхæсгæ цæрæгой адæймагхуызты къордæй.	Æхсирæйхæсгæ цæрæгой, зундгиндæр (приматти) цæрæгойти къуарæй.	A primate mammal.
214	**Обыкновенный ёрш**	**Хуымæтæджы ёрш**	**Хумæтæги ёрш**	**Common ruffe**
	Вид рыб из семейства окуневых. Это пресноводная рыба, обитающая в водоёмах с песчаным дном.	Кæсæгты хуыз окунты мыггагæй. Цæры æдзæхдæтты, змисбын донуæтты.	Окунти муггагæй кæсалгæ. Аци æдзæнхдæнтти кæсалгæ цæруй зменсбун донуæтти.	A species of fish of the Percidae family. It is a freshwater fish that lives in basins with sandy bottoms.



215


218


217


216

215	**Овод**	**Дзынга, галбындз**	**Галбиндзæ, дзинга**	**Gadfly**
	Двукрылое насекомое, личинки которого паразитируют в теле животных.	Дыууæбазырон уырынгон, йæ быр у æввонгхор, бахъомыл вæййы цæрæгойты буары мидæг.	Дууæбазурон устур урунгон. Æ едзæ лæвархуар æй, исгъонбæл уй цæрæгоййи бауæри медæгæ.	Diptera. Its larva parasitize in bodies of animals.
216	**Овца**	**Фыс, сылфыс**	**Фус**	**Sheep**
	Жвачное парнокопытное домашнее млекопитающее семейства полорогих с густой волнистой шерстью.	Бæзджынхъуын сынæрдзæгъдæг саджилсæфтæг хæдзарон æхсырæйхæсгæ цæрæгой тутсыкъаджынты мыггагæй.	Æнкъайсæфтæг, синæрдзæгъдагæ æхсирæйхæсгæ хæдзайрон цæрæгой ревæдсиуонти муггагæй, бæзгъун.	A ruminant artiodactyl domestic mammal of the family of Horned ruminant mammals with rich wavy wool.
217	**Огарь, красная утка**	**Огар, сырх бабыз**	**Сурх бабуз**	**Ruddy shelduck**
	Водоплавающая птица семейства утиных, имеет оранжево-коричневое оперение. Крылья белые с чёрными перьями.	Доныленкгæнæг маргъ бабызты мыггагæй. Йæ сисвæлыст у бурсырх-морæ. Йæ базыртæ – урс, сау систимæ.	Донинакæгæнагæ маргъ бабузти муггагæй. Æ пакъутæ сурхбор-морахуз æнцæ. Æ базуртæ уорс, сау сести хæццæ.	A waterfowl of the Duck family. The bird has brownish-orange feathering. The wings are white with black feathers.
218	**Окунь**	**Окунь**	**Окун**	**Perch**
	Пресноводная рыба с красноватыми нижними плавниками.	Æдзæхдæтты цæрæг кæсаг. Йæ бинаг ленкгæнæн базыртæ сты сырхбын.	Æдзæнхæ дæнтти цæрæг кæсалгæ. Æ бунгкаг накæгæнæнтæ сурхгомау æнцæ.	A fresh-water fish with reddish bottom fins.


222


219


221


223


220


219	**Оленья самка**	**Саг, сыл саг, хъуаз**	**Саг (силæ саг), гъæуанз**	**Female deer**
	Крупное парнокопытное животное.	Егъау саджилсæфтæг цæрæгой.	Æнкъайсæфтæг устур цæрæгой.	A large artiodactyl animal.
220	**Орангутанг**	**Орангутанг**	**Орангутанг**	**Orangoutan**
	Крупная человекообразная обезьяна.	Адæймагхуыз егъау маймули.	Устур адæймагхуз маймули.	A large humanoid monkey.
221	**Орёл**	**Цæргæс**	**Цæргæс**	**Eagle**
	Крупная, сильная, хищная птица семейства ястребиных с изогнутым клювом, живущая в гористых или степных местностях.	Стыр, тыхджын къæдзбырынкъ тугдзых маргъ хъæрццыгъаты мыггагæй. Цæры къæдзæхджын рæтты æмæ тыгъд быдырты.	Хуæнхтæ æма будурти цæрæг тухгин æма устур тогцъух маргъ, хъæрццигъати муггагæй. Ес ибæл къæлос къæбот æма цургъ нихтæ.	A large predatory strong bird of the family of Hawks with a bent beak, living in mountainous or steppe areas.
222	**Оса**	**Дыдынбындз**	**Дидинбиндзæ**	**Wasp**
	Жалящее летающее перепончатокрылое насекомое.	Тæхаг æмæ хæцаг хæлынбазыр уырынгон.	Тæхагæ æма хуæцагæ, цъаругбазурон бор биндзæ.	A stinging flying hymenopterous insect.
223	**Осёл**	**Хæрæг**	**Хæрæг**	**Donkey**
	Животное семейства лошадиных, невысокого роста, с большой мордой и длинными ушами.	Ныллæггомау стырбырынкъ æмæ даргъхъус цæрæгой бæхты мыггагæй.	Ниллæггомау устур хæмходтæ æма даргъгъос цæрæгой, бæхти муггагæй.	A low standing animal of the family of Horses, with a big muzzle and long ears.


225


228


224


227


226

224	**Ослик**	**Къæлæу**	**Къæлæу**	**Burro Baby-ass**
	Детёныш ослицы.	Хæрæджы лæппын.	Хæрæги бæдолæ.	A kid of a she-ass.
225	**Осьминог**	**Асткъахыг**	**Æсткъахуг**	**Octopus**
	Крупное головоногое животное с восемью большими щупальцами, снабжёнными присосками.	Егъау сæрылкъах цæрæгой. Йе стыр аст уырзæгыл ис æндæдзæн цъирæнтæ.	Устур сæрбæлкъах денгизон цæрæгой. Æ аст урзацауæ гæнæн къалеути кæрæнттæбæл ба æндæдзæн цъирæнтæ.	A large cephalopoda animal with eight big tentacles supplied with suckers.
226	**Павлин**	**Мæлхъ**	**Мæлгъæ**	**Peacock**
	Птица семейства фазановых с нарядным оперением надхвостья у самцов.	Маргъ сындзыуасджыты мыггагæй, нæлтæн сæ къæдзилтæсты алыхуызон хæрзаив сисвæлыстæй æмбæрзт.	Синдз-уасæнгити муггагæй маргъ. Нæлтæн сæ къæдзели кæрæнттæ аллихузон рæсугъд пакъутæй фæлуст.	A bird of the family of Pheasants. Its male has a smart tail unit.
227	**Панда**	**Пандæ**	**Пандæ**	**Panda**
	Млекопитающее семейства енотовых.	Æхсырæйхæсгæ цæрæгой енотты мыггагæй.	Æхсирæйхæсгæ цæрæгой, енотти муггагæй.	A mammal of the family of racoons.
228	**Паук**	**Хæлуарæг**	**Хæлаур**	**Spider**
	Хищное членистоногое животное с ядовитыми железами, плетущее паутину для ловли насекомых, убивающее их.	Тугдзых уæнгкъах цæрæгой маргджын рæзынджытимæ. Цы тын бийы, уымæй уырынгонтæ ахсы æмæ сæ мары.	Биндзахæссæн тунæ бийæг, æма сæ марæг тогцъух æма марггун иуонгкъæхтæ цæрæгой.	A predatory arthropoda animal with poisonous glands, plaiting a web to catch and kill insects.


229


230


231

229	**Пеганка**	**Пеганкæ**	**Пеганкæ**	**Common Shelduck**
	Крупная водоплавающая птица семейства утиных, отличающаяся характерным оперением.	Доныленкгæнæг стыр маргъ бабызты мыггагæй. Бæрæг дары йæ алыхуызон ахуырст сисвæлыстæй.	Донинакæкæнагæ устур маргъ бабузти муггагæй. Хецæн кæнуй æ пакъути аллихузон хурститæй.	A large water-fowl of Duck family that differs by feathering of white, reddish-brown, grey and black colours.
230	**Пеликан**	**Пеликан**	**Пеликан**	**Pelican**
	Самая крупная птица в своём отряде. Имеет неуклюжее, массивное туловище, большие крылья, короткие и толстые ноги. Шея и клюв – длинные. На нижней стороне клюва – сильно растяжимый кожаный мешок, ипользуемый для ловли рыбы.	Йæ къорды æппæты стырдæр маргъ. Ис ын гуымиры, егъау гуыр, стыр базыртæ, цыбыр æмæ ставд къæхтæ. Йæ къубал æмæ йæ бырынкъ – даргъ. Йæ бырынкъыл бынæрдыгæй – голладжы хуызæн царм, пайда дзы кæны кæсæгтæ ахсгæйæ.	Æ къуари тæгкæ устурдæр маргъ. Ес ибæл æнарæхст, уæзбун гурæ, устур базуртæ, цубур æма ставд къæхтæ. Æ хъур æма биринкъæ дæргътæ æнцæ. Æ биринкъæбæл, бунæрдигæй ес цъарæй конд ивæзагæ голлагæ, кæцимæй пайда кæнуй кæсæлгитæ ахæсгæй.	The largest bird in its class. It has an awkward, massive body, big wings, short and thick legs, long neck and beak. On the lower side of the beak there is a stretchable leather bag that is used for fish catching.
231	**Перевязка**	**Перевязкæ**	**Перевязкæ**	**Marbled polecat, Mottled polecat**
	Вид млекопитающих. По своему внешнему виду перевязка напоминает лесного и степного хорька, но является более малым видом, чем они.	Æхсырæйхæсгæ цæрæгойты хуыз. Йе'ддаг бакастæй у хъæддаг æмæ быдырон тæхсæлы хуызæн, фæлæ у уыдонæй къаддæр.	Æхсирæйхæсгæ цæрæгой. Æндаг бакастæй æй гъæддаг æма будуйрон тæхсали хузæн, фал уонæй минкъийдæр æй.	A sort of mammal. It resembles the forest and steppe polecat but is smaller.


233



235


232


234

232	**Перепел**	**Уæрцц**	**Уæрццæ**	**Quail**
	Небольшая полевая перелётная птица с тёмно-бурым пятнистым оперением.	Быдырон фæлтæхæг гыццыл цъиу тар-морæ тæппытæ сисвæлыстимæ.	Будуйрон гоцгæнагæ минкъий цъеу, мора цъæрнатæ пакъугин.	A small field migratory bird with dark-brown spotty plumage.
233	**Перловица**	**Перловицæ**	**Перловицæ**	**Margaritana**
	Двустворчатый моллюск, весьма распространён в пресноводных водоёмах.	Дыууæрдыгæй æхгæдфарс моллюск. Арæх æмбæлы æдзæхх донуæтты, сабыр цæугæдæтты.	Дууердигæй æхгæдфарс моллюск. Арæх æмбæлуй æдзæнхæ донуæтти, сабур цæугæдæнтти.	A bivalve mollusk living in fresh, running water.
234	**Песец**	**Цæгатаг рувас**	**Цæгатаг робас**	**Polar fox**
	Небольшое хищное млекопитающее семейства псовых с ценным мехом.	Гыццыл тугдзых æхсырæйхæсгæ цæрæгой куыйты мыггагæй. Йæ хъуындзарм у зынаргъ.	Æхсирæйхæсгæ тогцъух минкъий сирд куйти муггагæй. Æ цар хъазар æй.	A small predatory mammal of the family of Dogs with valuable fur.
235	**Пестрянка**	**Хъулон гæлæбу**	**Пестрянкæ, гъолон гæбæло**	**Zygaenidae, Smoky moth**
	Семейство бабочек, объединяющих около 900 видов. Ярко окрашены в красно-чёрные и металлически-зелёные цвета, ядовиты.	Гæлæбуты мыггаг. Сты 900 хуызы бæрц. Ирд сырх-сау æмæ æфсæйнагхуыз-цъæх ахуырст, сты маргджын.	900 хузей бæрцæ ка æй, уæхæн марггун гæбæлоти муггаг. Æнцæ ирд сау-сурх æма кæрдæг-æфсæйнагхузтæ.	A family of butterflies that unites about 900 species. It is brightly coloured in reddish black and metallic green. It is poisonous.


236



237


240


239


238

236	**Петух**	**Уасæг**	**Уасæнгæ**	**Cock**
	Самец домашних кур и некоторых куриных с красным гребнем на голове и шпорами на ногах.	Хæдзарон кæрчыты æмæ иуæйиу каркæнгæс мæргътæн сæ сырхкъоппа нæл æмкъай. Йæ къæхтыл – сыкъаныхтæ.	Хæдзайрон кæркитæ æма еуæй-еу каркæнгæс мæргътæн сæ сурхгопбой нæл æнкъай. Æ къæхтæбæл ба, тохунмæ – рæтъозæн сиугин нихтæ.	The male of the domestic hen and some chicken with a red crest on its head and spurs on the legs.
237	**Пингвин**	**Пингвин**	**Пингвин**	**Penguin**
	Антарктическая короткокрылая плавающая, нелетающая птица.	Тæхгæ чи нæ кæны, ахæм цыбырбазыр ленкгæнаг антарктикон маргъ.	Тæхгæ ка нæ кæнуй, уæхæн накæгæнагæ, цубурбазур антарктикон маргъ.	An Antarctic bird with short wings used for swimming.
238	**Питон**	**Питон**	**Питон**	**Python**
	Большая змея семейства удавов.	Стыр калм æлхъивгæлмыты мыггагæй.	Устур хелагæ, æлвасхелæгти муггагæй.	A big snake of the family of boas.
239	**Пищуха**	**Пищухæ, уасаг цъиу**	**Пищухæ, уасагæ цъеу**	**Pika**
	Название семейства птиц из отряда воробьиных.	Мæргъты мыггаджы ном сырддонцъиуты къордæй.	Æхсæрæцъеути къуарæй мæргъти муггаг.	The name of the family of birds from the group of sparrows.
240	**Пиявка**	**Цъулбер**	**Гъонцъир**	**Bloodsucker**
	Пресноводный кольчатый червь – кровосос.	Æдзæхдæтты цæрæг тугцъир уаллон. Йæ буар у цæгтæцæгтæ.	Æдзæнхдæнтти цæрæг, цæгтæгурæ, тогцъир золкъæ.	A fresh-water annulated worm – a blood-sucker


241


243


242


244

241	**Подалирий**	**Подалири**	**Подалири**	**Phiclides podalirius**
	Бабочка семейства парусников. Вид назван в честь Подалирия, в древнегреческой мифологии – знаменитого врача.	Гæлæбу парусникты мыггагæй. Лæвæрд ын æрцыд рагон бердзенаг мифты зындгонд дохтыр Подалирийы ном.	Парусникти муггагæй гæбæло. Гæбæлойæн равардтонцæ рагон бердзейнаг мифологий игъустгонд дохтур – Подалирий ном.	A butterfly of the Ewollowtail family, called in honour of a famous doctor in ancient Greek mythology.
242	**Полевка**	**Быдырон мыст**	**Хуми мистæ**	**Arvicolinae**
	Грызун, похожий на мышь.	Мысты хуызæн æхсынæг.	Æхсинæг цæрæгой, мисти хузæн.	A rodent similar to the mouse.
243	**Поползень**	**Бырæг цъиу**	**Гъæддон цъеу**	**Nuthatch**
	Семейство птиц отряда воробьинообразных. Короткие лапы с цепкими когтями позволяют поползням легко передвигаться по стволам деревьев и скалам вверх и вниз.	Маргъы мыггаг сырддонцъиухуызты къордæй. Йæ цыбыр къæхтыл фидар ныхтæ кæй ис, уый йын фадат дæтты бæлæстæ æмæ къæдзæхтыл дыууæрдæм уайынæн.	Æхсæрæцъеути къуарæй, маргъи муггаг. Æ цубур къæхти федар нихтæ ин фадуат дæдтунцæ бæлæстæ æма къæдзæхтæбæл æнцонæй дууердæмæ уайунмæ.	The group of sparrows. Short paws with tenacious claws allow a nuthatch to move up and down tree trunks and rocks.
244	**Попугай**	**Тути**	**Тотий**	**Parrot**
	Птица тропических стран с ярким оперением.	Тропикон бæстæты цæрæг маргъ ирд сисвæлыстимæ.	Тропикон бæстити цæрæг, рæсугъд пакъутæй фæлуст маргъ, фæнзæг.	A bird inhabiting tropical countries with bright plumage.


248


249


246


247


245

245	**Поросёнок**	**Хъыбыл**	**Хъибил**	**Piglet**
	Детёныш свиньи.	Хуыйы лæппын.	Дзæргъи бæдолæ.	A baby-pig.
246	**Прудовики**	**Цадонтæ**	**Цадонтæ**	**Limnaeidae Pond-snails**
	Семейство пресноводных моллюсков. Основная пища рыб и водоплавающих птиц.	Ӕдзæхдæтты цæрæг моллюскты мыггаг. Кæсæгтæ æмæ доныленкгæнæг мæргътæн сæ сæйрагдæр хæринаг.	Ӕдзæнхдæнтти цæрæг моллюскити муггаг. Кæсæлгитæ æма донинакæгæнæг мæргъти сæйраг хуæруйнаг.	A group of fresh-water molluscs. They serve as basic food of fish and waterfowl.
247	**Пума**	**Пумæ**	**Пумæ**	**Puma**
	Большая дикая американская кошка, кугуар.	Америкаг стыр хъæддаг гæды, кугуар.	Америкаг устур гъæддаг тикис, кугуар.	A big wild American cat, cougar.
248	**Пуночка**	**Пуночкæ**	**Пуночкæ**	**Snow bunting**
	Птица, гнездящаяся в области тундр. Большая часть спины и крылья – чёрного цвета, остальная поверхность птицы – белая.	Тундрæйы ахстæттæ чи кæны, ахæм маргъ. Йе рагъы фылдæр хай æмæ йæ базыртæ сты сау, йæ буары иннæ хай та – урс.	Тундри астъæнттæ кæнæг маргъ. Ӕ рагъи фулдæр хай æма базурти пакъутæ æнцæ сау, иннетæ ба – уорс.	A bird nesting in tundra. The bird is white but the back and the wings are black.
249	**Пустельги**	**Пустельгатæ**	**Пустельгитæ**	**Kestrel**
	Хищные птицы рода соколов. Истребляют вредных грызунов, а также саранчу.	Тугдзых мæргътæ уариты мыггагæй. Куынæг кæнынц зианхæссæг æхсынджыты, стæй мæтыхты.	Тогцъух мæргътæ уарийти муггагæй. Кунæг кæнунцæ зæранхæссæг æхсингутæ уæдта саринцхати.	A predatory bird of the group of falcons. Exterminates rodents, and locust.


250


252


251


253

250	**Пчела**	**Мыдыбындз**	**Мудибиндзæ**	**Bee**
	Жалящее летающее перепончатокрылое насекомое, перерабатывающее цветочные соки в мед.	Тæхгæ чи кæны, ахæм хæцаг хæлынбазыр уырынгон. Дидинджыты сойæ кæны мыд.	Цъаругбазургин хуæцагæ биндзæ. Деденæги донæй аразуй муд.	A stinging flying hymenopterous insect making honey out of flower juice.
251	**Рак**	**Мыдзбыр**	**Мудзбур**	**Crawfish**
	Покрытое панцирем пресноводное или морское беспозвоночное животное с клешнями.	Уартæй æмбæрзт, æдзæхх дæтты кæнæ денджызы цæрæг æнæрагъыстæг цæрæгой, ис ын къæпсырджын æфсæртæ.	Уæртгун, æнастæуистæг денгизон кенæ æдзæнхдони цæрæгой, аргъæвнæнгæс æфсæрти хæццæ.	Fresh-water or sea spineless crustaceam animals with claws.
252	**Розовый скворец**	**Мæтæгхуыз сауцъиу**	**Рохснæгхуз саумæлгъæ**	**Pink starling**
	Птица семейства скворцовых. Оперение чёрно-бурое.	Маргъ сауцъиуты мыггагæй. Йæ сисвæлыст у сау-бурбын.	Саумæлгъити муггагæй маргъ. Æ пакъутæ сау-морахуз æнцæ.	A bird of the Starling family. The feathering is brownish black.
253	**Рыба**	**Кæсаг**	**Кæсалгæ**	**Fish**
	Водное позвоночное животное с постоянной температурой тела, дышащее жабрами и имеющее плавники.	Доны цæрæг рагъыстæгджын цæрæгой, йæ буары тæвд æдзухдæр вæййы иухуызон, улæфы хъусойтæй, ис ын ленкгæнæн базыртæ.	Накæгæнагæ, астæуистæггун, гъосаутæй уолæфæг дони цæрæгой. Ес ибæл накæгæ-нæн базуртæ, æ бауæри температурæ ба еудадзугдæр æмхузон фæуй.	A water vertebrate animal with fins and steady body temperature, breathing with gills.


254


256


257


255


258

254	**Рысь**	**Стай, хъæддаг гæды**	**Стай, гъæддон тикис**	**Lynx**
	Хищное млекопитающее – большая лесная кошка с кисточками на ушах и коротким хвостом, с пушистым мехом рыжеватого цвета.	Тугдзых æхсырæйхæсгæ цæрæгой – стыр хъæддаг гæды, йæ хъусты кæрæттыл – хъуынты баст. Ис ын цыбыр къæдзил æмæ пух бурбын хъуындзарм.	Æхсирæйхæсгæ, тогцъух, къода, устур гъæддаг тикис. Æ гъости кæрæнттæбæл – гъесин цъæпотæ, æ цъæрнатæ цар ба æй хæмпос.	A predatory mammal – a big forest cat with tufts of hair on ears and a short tail, with fluffy fur of reddish color.
255	**Рябчик**	**Дзыгъуыргарк**	**Дзугъгургарк**	**Hazel hen, hasel grouse**
	Небольшая лесная птица с пёстрым оперением.	Хъæды цæрæг чысыл маргъ, йæ сисвæлыст у ирд.	Гъæди цæрæг, аллихузон рæсугъд пакъутæй фæлуст, минкъий маргъ.	A small forest bird with motley plumage.
256	**Сазан**	**Сазан**	**Сазан**	**Ciprinus Carpio Carp**
	Промысловая рыба семейства карповых с крупной чешуёй.	Кæсагдзуан кæуыл кæнынц, ахæм ставдхæрвджын кæсаг карпты мыггагæй.	Кæсалгдзауæн кæбæл фæккæнунцæ, уæхæн устур хæрвгун кæсалгæ, карпти муггагæй.	Marketable fish of the family of Carps with large scales.
257	**Сайгак**	**Сайгак**	**Сайгак**	**Saiga**
	Степное парнокопытное полорогое животное, родственное антилопе.	Тыгъд быдыры цæрæг саджилсæфтæг тутсыкъаджын цæрæгой. У антилопæмæ хæстæг.	Æнкъайсæфтæг, итигъдбудури цæрæг, антилопæмæ хæстæг, ревæдсиуæ цæрæгой.	A steppe horned ruminant mammal, related to antelope.
258	**Саранча**	**Мæтых**	**Саринцха, мæдух**	**Locust**
	Стадное насекомое, вредитель сельского хозяйства.	Рæгъæуттæй цæрæг, хъæууон хæдзарадæн зианхæссæг уырынгон.	Æргъæуттæй цæрæг, гъæууон хæдзайрадæн зæранхæссæг, хелагæ æма тæхагæ минкъий цæрæгой.	A gregarious insect, pest of agriculture.


261


259


260


262


263

259	**Сардина**	**Сардинæ**	**Сардинæ**	**Sardine**
	Небольшая морская рыбка семейства сельдевых.	Денджызон чысыл кæсаг сельдты мыггагæй.	Денгизон минкъий кæсалгæ, селдьти муггагæй.	Small sea fish of the family of herring.
260	**Сарыч**	**Сарыч**	**Сарыч**	**Buzzard**
	Хищная птица семейства ястребиных.	Тугдзых маргъ хъæрццыгъаты мыггагæй.	Тогцъух маргъ, хъæрццигъати муггагæй.	A predatory bird of the family of Hawks.
261	**Сверчок**	**Цъырцъыраг**	**Цъæрцъæрагæ**	**Cricket**
	Прямокрылое насекомое, издающее стрекочущие звуки.	Растбазыр цъысцъысгæнаг уырынгон.	Æмрастбазур цъæр-цъæргæнагæ минкъий тæхагæ цæрæгой.	An orthoptera insect issuing chirring sounds.
262	**Светлячок**	**Æрттиваг хъæндил**	**Æрттевæг хъæндел**	**Glowworm**
	Жучок (а также его личинки и яйца), светящийся в темноте.	Талынджы рухс чи кæны, ахæм æрттиваг хъæндил (стæй йæ быр æмæ æйчытæ).	Талинги ка кæнуй рохс, уæхæн хъæбуза (уæдта ма æ едзæ æма æйкитæ дæр).	A bug. It itself and its larva and eggs are luminous in dark.
263	**Свинья**	**Хуы**	**Ху**	**Pig**
	Парнокопытное млекопитающее с крупным телом и короткими ногами, домашний вид которого разводят для получения мяса, сала, кожи.	Саджилсæфтæг æхсырæйхæсгæ цыбыркъах цæрæгой. Хæдзары йæ дарынц йæ дзидза, салæ æмæ цармы тыххæй.	Æнкъайсæфтæг, æхсирæйхæсгæ, устургурæ æма цубуркъах цæрæгой. Хæдзайради æй дарунцæ æ фид, салæ æма цармæ гæсгæ.	Artiodactyl mammal with a large body and short legs. Its domestic kind is bred for meat, bacon, leather.


266



265



267


264


268

264	**Северный олень**	**Цæгатаг саг**	**Цæгаттаг саг**	**Northern deer**
	Парнокопытное млекопитающее семейства оленевых. В Евразии северный олень одомашнен и является важным источником пропитания и материалов для многих полярных народов.	Саджилсæфтæг æхсырæйхæсгæ цæрæгой сагты мыггагæй. Евразийы цæгатаг саг ссис хæдзарон. Полярон адæмтæн цæрынæн у ахъаззаг фæрæз.	Æнкъайсæфтæг æхсирæйхæсгæ цæрæгой сæгти муггагæй. Евразий цæгатаг саг иссæй хæдзайрон. Полярон адæнтæ ба си пайда кæнунцæ куд хайуан, уотæ.	A cloven-hoofed mammal of Deer family. Domestic in Eurasia it is an important source of food and other materials for polar nations.
265	**Севрюга**	**Кæфгæсаг**	**Севрюгæ, кæфкæсалгæ**	**Stellate sturgeon**
	Крупная промысловая рыба семейства осетровых.	Кæсагдзуан кæуыл кæнынц, ахæм стыр кæсаг кæфты мыггагæй.	Кæсалгдзауæн кæбæл кæнунцæ, уæхæн устур кæсалгæ, кæфти муггагæй.	Large marketable fish of the family of Sturgeons.
266	**Сельд**	**Сельд**	**Сельд**	**Herring**
	Небольшая морская рыба, обычно употребляемая в пищу в засоленном виде.	Денджызон чысыл кæсаг, хæрынц æй арæхдæр цæхджынæй.	Денгизон минкъий кæсалгæ, арæхдæр æй цæхгунæй фæххуæрунцæ.	Small sea fish usually salted for eating.
267	**Серна**	**Сычъи**	**Сикъе**	**Chamois**
